**Hamid Olimjon va Zulfiya Isroilovanıń ómiri hám dóretiwshiligine bağıshlanğan "Ádebiyat aspanındaği eki juldız" tańlawın ótkeriw hám shólkemlestiriw**

**TÁRTIBI**

## I.Ulıwmalıq qağıydalar

1.1. Bul Tártip Joqarı oqıw orınları studentleri ortasında "Ádebiyat aspanındaği eki juldız" tańlawın (keyingi orınlarda Tańlaw) ótkeriw tártibin belgileydi.

1.2. Qaraqalpaqstan Respublikasında jaylasqan barlıq Joqarı oqıw orınlarınıń bakalavr tálim bağdarında bilim alıp atırğan student jaslar milleti, dini, sociallıq kelip shığıwı hám tiline qaramastan tańlawda qatnasıw huqıqına iye.

1.3. Tańlaw komissiyası tańlaw shártlerine ózgeris hám qosımshalar kiritiw wákilligine iye.

1.4. Tańlawdı joqarı dárejede shólkemlestiriw hám ótkeriwge Qaraqalpaqstan Respublikası jaslar isleri basqarması hám Ozbekstan jaslar awqamı Qaraqalapqstan Respublikası Keńesi, Qaraqalpaqstan Respublikası Jazıwshılar awqamı, Qaraqalpaqstan Respublikası Ruwxıylıq hám ağartıwshılıq orayı juwapker esaplanadı.

## II.Tańlawdıń maqseti hám wazıypaları

2.1. Tańlawdıń maqseti:

- Hamid Olimjan hám Zulfiya Isroilovanıń bay dóretiwshilik miyrasın jaslar arasında keńnen úgit-násiyatlaw;
- olardıń ómiri hám dóretiwshiligi arqalı jaslar arasında kitapqumarlıq mádeniyatı, kórkem pikirlew, milliy maqtanısh hám ruwxıy qádiryatlarğa húrmet sezimlerin jánede bekkemlew;

2.2 Tańlawdıń wazıypaları:

- jaslardıń kórkem ádebiyatqa bolğan qızığıwshılığın asırıw;
- qábiletli jaslardı anıqlaw hám xoshametlew;

## III.Tańlawdı shólkemlestiriw hám ótkeriw tártibi, bahalaw negizleri

3.1. Tańlawdı shólkemlestiriw hám onı ótkeriw wazıypası shólkemlestiriw komiteti juwapkershiliginde boladı.

Qaraqalpaqstan Respublikası shólkemlestiriw komiteti:

- tańlawdı ótkeriw boyınsha qarar qabıl qıladı;

- tańlawdıń tiykarǵı basqıshları hám tártibi, qaǵıydaları haqqında qatnasıwshılardı xabardar qıladı.
- tańlawdı ótkeriw boyınsha ashıqlıqtı támiyinleydi.

3.2. Tańlaw basqıshları:

**Birinshi basqısh** oqıw ornı basqıshı bolıp studentler arasında usı jıldıń 19-20-fevral kúnleri ótkeriledi.

Joqarı oqıw ornı basqıshında 1, 2, 3-orındı iyelegen qatnasıwshılar tańlawdıń Qaraqalpaqstan Respublikası basqıshına qatnasadı.

Qatnasıwshı jeke tártipte yáki 2-3 studentten ibarat topar formasında qatnasıwı múmkin.

3.3. Tańlaw shártleri

- Qatnasıwshılar Hamid Olimjon hám Zulfiya Isroilova dóretiwshiligine tiyisli shıǵarmalardı kórkemlep, emotsional tásir menen aytıp beriwi;
- qatnasıwshı dóretpelerdi jeke atqarıwı, monolog, yáki 2-3 adamlıq (tek studentler) qatnasıwshıdan ibarat topar bolıp dialog tayarlasa boladı;
- ideya menen qosıq mazmunınıń úylesimli bolıwı;
- tańlawda muzika, fon, simbollıq háreketlerden paydalanıwǵa ruxsat etiledi.
- hár bir qatnasıwshı ushın 5-7 minut waqıt beriledi.

Bahalawda qoyılatuǵın talaplar:

- saxna mádeniyatı;
- hár bir qatnasıwshınıń saxnalıq shıǵıwı arqalı tamashagóylerge tásiri;
- belgilengen waqıt reglamentine ámel etiwi inabatqa alınadı.

**Ekinshi basqısh** tańlawdıń Qaraqalpaqstan Respublikası basqıshı bolıp, usı jıldıń 26-fevral kúni ótkeriledi hám tańlawda oqıw ornı basqıshında 1, 2, 3-orındı iyelegen studentler qatnasadı.

Tańlaw shártleri hám bahalaw negizleri oqıw ornı basqıshı shártleri menen bir qıylı boladı.

## IV. Tańlaw jeńimpazların sıylıqlaw

4.1. Tańlaw jeńimpazları shólkemlestiriwshiler tárepinen tómendegi tártipte sıylıqlanadı.

I, II, III orındı qolǵa kiritken hám belsene qatnasqan student jaslar bahalı sawǵalar hám arnawlı diplomlar menen sıylıqlanadı.

## IV.Juwmaqlawshı basqısh

Tańlawdıń Qaraqalpaqstan Respublikası basqıshında Tóreshiler quramınıń qararı ózgertilmeydi.

**“Hamid Olimjon hám Zulfiya dóretiwshiligi búgingi kúnde de qunlı” atamasında shıǵarmalar tańlawın shólkemlestiriw hám ótkeriw**

**TÁRTIBI**

## I.Ulıwmalıq qaǵıydalar

1.1. Bul Tártip ulıwma orta bilim beriw mektepleri, qánigelestirilgen mektepler hám politexnikum oqıwshıları ortasında “Hamid Olimjon hám Zulfiya dóretiwshiligi búgingi kúnde de qunlı” atamasında shıǵarmalar tańlawın (keyingi orınlarda Tańlaw) ótkeriw tártibin belgileydi.

1.2. Qaraqalpaqstan Respublikasında jaylasqan barlıq ulıwma orta bilim beriw mektepleri, qánigelestirilgen oqıw orınları hám politexnikumlarda bilim alıp atırǵan 16 jastan 18 jasqa shekemgi oqıwshı jaslar milleti, dini, sociallıq kelip shıǵıwı hám tiline qaramastan tańlawda qatnasıw huqıqına iye.

1.3. Tańlaw komissiyası tańlaw shártlerine ózgeris hám qosımshalar kiritiw wákilligine iye.

1.4. Tańlawdı joqarı dárejede shólkemlestiriw hám ótkeriw Qaraqalpaqstan Respublikası jaslar isleri basqarması, Ózbekstan balalar shólkemi, Qaraqalpaqstan Respublikası Mektepke shekemgi hám mektep bilimlendiriw ministrligi, Qaraqalpaqstan Respublikası Kásiplik bilimlendiriw agentligi juwapker esaplanadı.

## II.Tańlawdıń maqseti hám wazıypaları

2.1. Tańlawdıń maqseti:

- Hamid Olimjan hám Zulfiya Isroilovanıń bay dóretiwshilik miyrasın jaslar arasında keńnen úgit-násiyatlaw;

- olardıń ómiri hám dóretiwshiligi arqalı jaslar arasında kitapqumarlıq mádeniyatı, kórkem pikirlew, milliy maqtanısh hám ruwxıy qádiryatlarǵa húrmet sezimlerin jánede bekkemlew;

2.2 Tańlawdıń wazıypaları:

- tańlaw arqalı jaslardıń dóretiwshilik talǵamın rawajlandırıw, Hamid Olimjon hám Zulfiya dóretiwshiliginde bolǵan muhabbat, sadıqlıq, watansúyiwshilik ideyaların búgingi kún jasları sanasına sińdiriw;

- oqıwshılardıń sóylew mádeniyatın rawajlandırıw, pikirlew qábiletin asırıw;

- tańlaw qatnasıwshıların ruwhıy hám intellektuallıq xoshametlew arqalı, olardı jańa tabıslarǵa ilhamlandırıw;

-individual iskerlikte juwapkershilik hám ózin-ózi rawajlandırıw kónlikpelerin qáliplestiriw;

- dóretiwshi jaslardıń qábiletlerin júzege shıǵarıw hám qollap-quwatlaw, ádebiy miyrastı zamanagóy talıqlawlar, dóretiwshilik joybarlar, tańlaw hám forumlar arqalı jańasha formada ǵalabalastırıwdan ibarat;

## III.Tańlawdı shólkemlestiriw hám ótkeriw tártibi, bahalaw negizleri

3.1. Tańlawdı shólkemlestiriw hám onı ótkeriw wazıypası shólkemlestiriw komiteti juwapkershiliginde boladı.

Qaraqalpaqstan Respublikası shólkemlestiriw komiteti:

- tańlawdı ótkeriw boyınsha qarar qabıl qıladı;
- tańlawdıń tiykarǵı basqıshları hám tártibi, qaǵıydaları haqqında qatnasıwshılardı xabardar qıladı.
- barlıq qatnasıwshılar ushın teńdey sharayatlardı jaratadı;
- tańlawdı ótkeriw boyınsha ashıqlıqtı támiyinleydi;
- tańlaw tártibine kóre sapalı hám joqarı dárejede ótiwin támiyinleydi.

3.2. **Birinshi basqısh** tańlawdıń oqıw ornı basqıshı bolıp, ulıwma orta bilim beriw mektepleri, qánigelestirilgen oqıw orınları hám politexnikumlarda bilim alıp atırǵan oqıwshılar ortasında usı jıldıń 18-19-fevral kúnleri ótkeriledi.

Ulıwma orta bilim beriw mektepleri, sol qatarı qánigelestirilgen mekteplerde oqıw ornı basqıshında 1-orındı iyelegen oqıwshı jaslar tańlawdıń keyingi qala, rayonlıq basqıshına qatnasadı, al politexnikumlarda ótkerilgen tańlawdıń oqıw ornı basqıshında 1, 2, 3-orındı iyelegen qatnasıwshılar Qaraqalpaqstan Respublikası basqıshına qatnasadı.

Tańlaw qatnasıwshılarınıń shıǵarma jumısı 100 ballıq sistemada bahalanadı.

**Bul basqıshta qatnasıwshılar tómendegi negizler tiykarında saylap alınadı:**

- shıǵarmada Hamid Olimjon yáki Zulfiya Isroilova dóretiwshiligi hám onıń ómiri haqqındaǵı maǵlıwmatlar anıq bolıwı kerek.

- tańlaw qatnasıwshılarınan hár eki dóretiwshiniń shıǵarmaların tolıq túsinip, óz pikirleri menen bayan qılıwı talap etiledi.

- qatnasıwshılar shıǵarmada jańalıq, orginal pikirlerdi sáwlelendiriwge háreket qılıwı kerek.

- shıǵarma anıq, qısqa hám maǵlıwmatqa bay bolıwı, búgingi kún menen baylanısıwı, oqıwshı ushın túsinikli, sózler tuwrı qollanılıwı áhmiyetli esaplanadı.

- jazıwda grammatikalıq qáteliklerdiń bolmawı yáki kemligi inabatqa alınadı, sonday-aq internetten kóshirip alıw (diskvalifikatsiya), jasalma intellektten paydalanǵan halda tayın tekstlerdi jazıwı qabıl qılınbaydı, tek fakt sanap ótiw tómen bahalanadı.

3.3. **Ekinshi basqısh** tańlawdıń qala, rayonlıq basqıshı bolıp, ulıwma bilim beriw mektepleri hám qánigelestirilgen oqıw orınları oqıwshıları arasında usı jıldıń 24-25-fevral kúnleri bolıp ótedi hám tańlawda 1, 2, 3-orındı qolǵa kiritken

oqıwshılarǵa Qaraqalpaqstan Respublikası basqıshında qatnasıw ushın jollama beriledi.

Politexnikumlarda bilim alıp atırǵan hám tańlawdıń oqıw ornı basqıshında 1, 2, 3-orındı qolǵa kiritken oqıwshı jaslar tańlawdıń Qaraqalpaqstan Respublikası basqıshına tuwrıdan tuwrı qatnasadı.

Tańlaw qatnasıwshılarınıń shıǵarma jumısı 100 ballıq sistemada bahalanadı.

3.4. **Úshinshi basqısh** tańlawdıń Qaraqalpaqstan Respublikası basqıshı bolıp, 2026-jıldıń 27-fevral kúnleri bolıp ótedi.

Bul basqıshta hár bir qala, rayonlıq basqıshta 1, 2, 3-orınlardı iyelegen ulıwma orta bilim beriw mektepleri hám qánigelestirilgen oqıw orınları oqıwshı jasları, sonday-aq politexnikumlarda bilim alıp atırǵan hám tańlawdıń oqıw ornı basqıshında 1, 2, 3-orındı iyelegen oqıwshılar qatnasadı.

Tańlawdıń Qaraqalpaqstan Respublikası basqıshında ulıwma orta bilim beriw mektepleri (qánigelestirilgen mektepler) hám politexnikum oqıwshıları birgelikte bir basqıshta qatnasadı hám orınlar ulıwmalıq anıqlanadı.

## IV. Tańlaw jeńimpazların sıylıqlaw

4.1. Tańlaw jeńimpazları shólkemlestiriwshiler tárepinen tómendegi tártipte sıylıqlanadı.

I, II, III orındı qolǵa kiritken hám belsene qatnasqan oqıwshı jaslar bahalı sawǵalar hám arnawlı diplomlar menen sıylıqlanadı.

## IV.Juwmaqlawshı basqısh

5.1. Tańlaw nátiyjesi boyınsha berilgen shaǵımlardı kórip shıǵıw ushın úsh wákilden ibarat Apellyatsiya komissiyası dúziledi. Apellyatsiya komissiyası quramı shólkemlestiriw komiteti tárepinen dúziledi.

Tańlaw nátiyjelerinen narazı bolǵan qatnasıwshılar tańlaw juwmaqlanǵannan soń 15 minut ishınde Apellyatsiya komissiyasına múrájáat etiwi shárt,

Shaǵımlar usınıs etilgennen soń, Appelyatsiya komissiyası tárepinen 1 saat ishinde kórip shıǵılıp, tiykarlanǵan tárizde úyreniw nátiyjesi shaǵım qılǵan qatnasıwshıǵa málim etiledi.

Tańlawdıń Qaraqalpaqstan Respublikası basqıshında Tóreshiler quramınıń qararı ózgertilmeydi.

**Hamid Olimjon va Zulfiya Isroilovanıń ómiri hám dóretiwshiligine bağıshlanğan “Qosıqqa aylanğan tağdir” videochellendjin ótkeriw TÁRTIBI**

## I.Ulıwmalıq qağıydalar

1.5. Bul Tártip ulıwma orta bilim beriw mektepleri, qánigelestirilgen mektepler hám politexnikum, akademiyalıq licey oqıwshıları ortasında “Qosıqqa aylanğan taqdir” atamasında videochellendj tańlawın (keyingi orınlarda Tańlaw) ótkeriw tártibin belgileydi.

1.6. Qaraqalpaqstan Respublikasında jaylasqan barlıq ulıwma orta bilim beriw mektepleri, qánigelestirilgen oqıw orınları hám politexnikum, akademiyalıq liceylerde bilim alıp atırğan 10 jastan 18 jasqa shekemgi oqıwshı jaslar milleti, dini, sociallıq kelip shığıwı hám tiline qaramastan tańlawda qatnasıw huqıqına iye.

1.7. Tańlaw komissiyası tańlaw shártlerine ózgeris hám qosımshalar kiritiw wákilligine iye.

1.8. Tańlawdı joqarı dárejede shólkemlestiriw hám ótkeriw Qaraqalpaqstan Respublikası jaslar isleri basqarması, Ózbekstan balalar shólkemi, Qaraqalpaqstan Respublikası Mektepke shekemgi hám mektep bilimlendiriw ministrligi, Qaraqalpaqstan Respublikası Kásiplik bilimlendiriw agentligi juwapker esaplanadı.

## II.Tańlawdıń maqseti hám wazıypaları

2.1. Tańlawdıń maqseti:

- Hamid Olimjan hám Zulfiya Isroilovanıń bay dóretiwshilik miyrasın jaslar arasında keńnen úgit-násiyatlaw;
- olardıń ómiri hám dóretiwshiligi arqalı jaslar arasında kitapqumarlıq mádeniyatı, kórkem pikirlew, milliy maqtanısh hám ruwxıy qádiryatlarğa húrmet sezimlerin jánede bekkemlew;

2.2 Tańlawdıń wazıypaları:

- jaslardıń kórkem ádebiyatqa bolğan qızığıwshılığın asırıw;
- qábiletli jaslardı anıqlaw hám xoshametlew;

## III.Tańlawdı shólkemlestiriw hám ótkeriw tártibi, bahalaw negizleri

3.1. Tańlawdı shólkemlestiriw hám onı ótkeriw wazıypası shólkemlestiriw komiteti juwapkershiliginde boladı.

Qaraqalpaqstan Respublikası shólkemlestiriw komiteti:

- tańlawdı ótkeriw boyınsha qarar qabıl qıladı;

- tańlawdıń tiykarǵı basqıshları hám tártibi, qaǵıydaları haqqında qatnasıwshılardı xabardar qıladı.
- tańlawdı ótkeriw boyınsha ashıqlıqtı támiyinleydi.

3.2. Tańlaw basqıshları:

- Videochellendj tańlawı tek bir basqıshtan ibarat boladı, Qaraqalpaqstan Respublikasında jaylasqan barlıq ulıwma orta bilim beriw mektepleri, qánigelestirilgen mektepler, politexnikum hám akademiyalıq licey oqıwshıları 2026-jıldıń 18-25-fevral kúnleri tańlaw shártine kóre tayarlaǵan videoların @sarbinazjolimbetova telegram mánziline jiberiwi múmkin hám jeńimpazlar 27-fevral kúni @balalar_sholkemi telegram kanalında járiyalanadı.

3.3. Videochellendj shártleri:

- videolar Hamid Olimjon yáki Zulfiya Isroilova dóretiwshiligine baǵıshlanadı;

- video sıyımlılıǵı 50-120 mb kólemde, dawamlılıǵı 3-5 minut bolıwı;

- vidoechellendjde qatnasıwdı qálewshi jaslar jekkelik yáki 2-3 adamlıq topar bolıp qatnasıwı múmkin hám topar aǵzaları 18 jastan ótpegen jaslar bolıwı kerek;

- videonıń sapası, kreativligi, qatnasıwshınıń obrazlı atqarıw sheberligi joqarı bahalanadı hám jeńimazlardı anıqlawda tiykarǵı kórsetkish esaplanadı;

- video jollaǵan qatnasıwshı óziniń tolıq atı hám familiyası, jasaw ornı, oqıw ornı hám baylanıs ushın telefon nomerin maǵlıwmat ornında kiritip ótiwi talap etiledi.

## IV. Tańlaw jeńimpazların sıylıqlaw

4.1. Tańlaw jeńimpazları shólkemlestiriwshiler tárepinen tómendegi tártipte sıylıqlanadı.

I, II, III orındı qolǵa kiritken hám belsene qatnasqan oqıwshı jaslar bahalı sawǵalar hám arnawlı diplomlar menen sıylıqlanadı.

## IV.Juwmaqlawshı basqısh

Tańlawdıń Qaraqalpaqstan Respublikası basqıshında Tóreshiler quramınıń qararı ózgertilmeydi.